Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.



# Гумбет

## Гумбет районалъул газета

№ 4 (6691) 27 январь 2020 с. Итни Жумадул ахир 1441 с. Багьа - эркенаб

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

## Щабдухъ – ИчичIали нух гIатIид гьабуна

### «Дагестанавтодор» идараялъул ва сахаватчи МухIамад Дибировасул хIаракат

**22 январалда Бакълъулазул районалда гIуцIа-къан ана капиталияб ремонталдаса хадуб Щабдухъ-ИчичIали шагьранух рагьиялъул тадбир.**

9 км халалъиялда гьеб шагьранух цIигьабун къачIана сахаватчи МухIамад Дибировасул сурсатаздаса ва техникаялдаса пайдаги босун, «Дагестанавтодор» ГКУялъ. Рохалилаб ахIвалхIалалда нух рагьиялда ва чIоло къотIиялда гIахьаллъана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиев, ДРялъул Муфтияталда цебе бугеб лъайкьеялъул отделалъул Гумбеталда вугев нухмалъулев Ражаб Ханмирзаев, сахаватчи МухIамад Дибиров ва гь. ц.



Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасул цIаралдасан гьесул заместитель МухIамад Хъарагишиевас баркала кьуна рагIудалъунги ишалдалъунги нух цIигьабун къачIаялъулъ гIахьаллъаразе.

«Район хадубккунги цебетIеялъе кIудияб кIвар буго лъикIал нухал чIезариялъул. Жакъа нилъеца рагьулеб буго Щабдухъ-ИчичIали шагьранух. Гьеб кIудияб сайгъат буго гIицIго гьел росабазе гуребги, районалъе ва республикаялъеги. МугIрузда санагIатал шартIал чIезариялъ квербакъи гьабизе буго АПК цебетIезе, росаби цIунизе», - ян абуна МухIамад Хъарагишиевас. Шагьранух рагьиялъул тадбиралда гьединго кIалъазе рахъана Муфтияталда цебе бугеб лъайкьеялъул отделалъул Гумбеталда вугев нухмалъулев Ражаб Ханмирзаев, гурхIелрахIмуялъул «Инсан» фондалъул районалда бугеб филиалалъул нухмалъулев Камил Якъубов, сахаватчи МухIамад Дибиров.

Нух гIатIид гьабуна ва цIигьабун къачIана кIиго ДЭПалъул ва меценатасул къуваталдалъун: «Кизлярское ДЭП № 20» ОАялъул, «Гумбетовское ДЭП № 10» ОАОялъул ва сахаватчи МухIамад Дибировасул. «Гумбетовское ДЭП № 10» ОАОялъул нухмалъулев Малачи Сурхаевас баян гьабуна Щабдухъ-ИчичIали шагьранух цIигьабун къачIаялъул заказчик ккола «Дагъистанавтодор ГКУ, генподрядчик – «Кизлярское ДЭП № 20», субподрядчик - «Гумбетовское ДЭП № 10» ОАО.

«БитIизабуна ва гIатIид гьабуна Щабдухъ-ИчичIали участокалда нухлул 14 – 22 километрал. Гьеб букIана кьурабалъан бугеб, автотранспорт хьвадизе хIинкъи бугеб нухлул 9 км. Гьанже шоферзабазул рес буго гIеблъиялда 8 – 9 метр бугеб, битIараб, санагIатаб, хIинкъи гьечIеб нухдасан хьвадизе», - ян абуна Малачи Сурхаевас.

ИчичIали росдал активист, пахьул гIертIал, гулгунал гьариялъул махщелчи МухIамад Ханахъаевас бицана гьанже, бокьарал гьава-бакъалъул шартIазда Щабдухъ- ИчичIали нухдасан хьвадизе рес щванин. «Нижер росу буго ралъдал гьумералдаса 1700 метралъ борхалъуда. Бигьаго хIалтIуларо гIадамал рорхатал мугIрузда росдал магIишаталда, умумулъаго ирсалъе щвараб пахьул тIагIелал гьариялда. Нух цIигьабун къачIаялъ гIатIидал ресал рагьана нижее гIертIал, гулгунал гьариялъул махщел цIилъизабиялъе, росулъе туристал рачIиналъе. ДРялъул культураялъул министерствоялъ гьаб соналъ заказ кьун буго пахьул гулгунал гьаризе. Республикаялъул даражаялда нижер махщалил рахъккве-зе букIиналда божула. Гьеб гIажаибаб махщел наслабаз наслабахъе кьеялъе хIалтIи гьабизе ккола, баркала кьола гьадинаб санагIатаб шагьранух гьабурал заказчикасеги, подрядниял гIуцIабазеги, сахаватчиясеги. Гьезул хIаракаталдалъун нижее щвана гьанже заманалде данде кколеб шагьранух. Гьединго планалде босун буго нижер росулъе газ бачине программаялда гъорлъе ккезабизе», - ян бицана МухIамад Ханахъаевас.

ИчичIали росдал вакилзабаз киналго росуцоязул рахъалдасан районалъул администрациялъул, нухазул гIуцIабазул хIалтIухъабазе кьуна баркалаялъул кагътал, грамотаби, ичичIалисезул гулгунал.

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIи**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# ВатIанияб рагъул ссудулел ругънал...

### 2020 сон – РакIалдещвеялъул ва реццалъул лъагIел

**Бакълъулазул районалъул администрациялъ данделъиги тIобитIун, рагьана РакIалдещвеялъул ва реццалъул сон. Баянаб букIахъе, 2020 соналъул 9 маялда 75 сон тIубала КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса.**



Тадбир рагьана муниципалитеталъул культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIмановас. Гьес бицана КIудияб ВатIанияб рагъул тарихалъул, гьенир гIахьаллъаразул, фронталда бихьиназги, тылалда руччабазги, лъималазги бихьизабураб къо-хIехьеялъул хIакъалъулъ. Гьединго баян гьабуна Россиялъул президент Владимир Путинил указалдалъун, 2020 сон РакIалдещвеялъул ва реццалъул лъагIеллъун лъазабун букIин. Абуна 2020 соналъул щибаб моцIалъ рихьизаризе ругин КIудияб ВатIанияб рагъул хIакъалъулъ кинофильмал, Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбеталъул централъул залалдаян. Гьеб данделъиялдаса хадубги бихьизабуна рагъул хIакъалъулъ художественнияб фильм.

**«Гумбет» РИО**

НОМЕРАЛДА РУГО:



Рагьи, рекъелги, пуруцги, космосги…
-2 гьум.



«Блокадаялъул чед»
-2 гьум.



Бакълъулазул мухъги тIабигIияб газги
2 гьум.



Гьал рагьана ВатIаналъе гIоло
3 гьум.

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

# 142 гIарза тIубана

### Лъайкьеялъул ва маданиялъул суалал

**Муниципалитеталъул администрациялда тIобитIана начализхъиял, муниципалиял хъулухъал гьариялъул, лъайкьеялъул, гIолилазул ва маданиял бутIабазда хурарал суалал гьоркьоб лъураб данделъи.**

ул отделалъул специалист Сурхай Сурхаевас лъазабуна районалъул гIаммаб лъайкьеялъул школазул 63 цIалдохъан гIахьаллъанин хIасилалъулаб сочинение хъваялда. Культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев



Гьеб тадбиралда гIахьаллъана федералиял, республикаялъулал ва муниципалиял идарабазул хIалтIухъаби, бакIалъулаб самоуправлениялъул вакилзаби, учреждениязул, гIуцIабазул нухмалъулел. Данделъи рагьана ва бачана районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас.

ДРялъул МФЦялъул Гумбеталда бугеб филиалалъул нухмалъулев ГIумар МухIамадовас абуна араб анкьалъ муниципалияб ва начализхъияб кумек гьабеян бачIараб 183 гIарзаялдасан 142 тIубанин. Районалъул бетIерасул кумекчи МухIамад Зубайировас бицана росабалъ лъималазда гьоркьор диниялгун лъайкьеялъул тадбирал тIоритIанин ДРялъул Муфтияталъул лъайкьеялъул Гумбеталда бугеб отделалъгун цадахъ.

Лъайкьеялъул физическияб культураялъул ва спорталъ-ХIайбула ГIабдурахIмановас бицана РакIалдещвеялъул ва рещцалъул 2020 абилеб сон рагьиялъул, щибаб моцIалъ Россиялъул халкъазул гIадатияб маданиялъул Гумбеталъул централъул залалда КIудияб ВатIанияб рагъул хIакъалъулъ фильмал рихьизаризе рукIиналъул хIакъалъулъ. Гьединго гьоркьорлъуна районалъул централде газ биччазе хIадурлъиялъул, Игьали ва ЦIаналъ школазда хинлъи чIезабиялъулъ ругел гIунгутIабазе ахир лъеялъул, МелъелтIа школазде газ бачиналъул хIакъалъулъ суалалги.

Данделъиялъул ахиралда МухIамад Хъарагишиевас тIадкъаял кьуна, учреждениязул ва гIуцIабазул нухмалъулел ахIана, районалъул гIадамазул яшав лъикIлъизабиялде ралагьарал масъалаби тIуразари мурадалда, федералиял ва республикаялъулал программабазда гIахьаллъизе.

**Макка МухIамадова**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# «Блокадаялъул чед»

### 125 грамм бугеб мочIу

**Дагъистаналда 18 январалдаса 27 январалде щвезегIан тIобитIана «Блокадаялъул чед» абураб ракIалде щвеялъул ТIолгороссиялъул акция. Гьеб лъугьана** ракъун хвезаризелъун тушманасул яргъилал къуватаз шагьар сверун кквей ракIалде щвезабуна гьел къояз.

Акциялъул гIаламатлъун букIана 125 грамм бугеб чадил



**КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 75 сон тIубаялъул хIурматалда 2020 сон РакIалдещвеялъул ва рещцалъул лъагIеллъун лъазабиялъул байбихьилъун.**

КъватIибехун бухьен къотIизабун ленинградалъулал кесек. Блокадаялъул заманалда гьедигIан гурони чед щолароан Ленинградалъул гIадамазе.

Дагъистаналда лъайкьеялъул учреждениязда кьуна «Блокадаялъул чед» абураб темаялда дарсал.

**«Гумбет» РИО**

СИЯСАТ

# Улкаялъул цIияв премьер – хIалбихьи бугев чи

### Россиялъул премьер-министр Михаил Мишустиница лъазабуна улкаялъул регионал церетIезаризе ругин

**Начализхъияб Думаялде ДРялъул депутат Юрий Левицкияс баянал кьуна Россиялъул министразул кабинеталъул цIияв бетIер Михаил Мишустинил хIакъалъулъ. Левицкияс гIахьаллъи гьабуна Россиялъул президент Владимир Путиница улкаялъул премьерлъун вищизе предложение кьурав, Мишустинил кандидатураялъул рахъккураб начализхъияб Думаялъул данделъиялда.**

Дагъистаналдасан депу-



татас божилъи загьир гьабуна жиндаго тIадал ишал тIуразе Мишустиница бажаризе букIиналда. Гьединго Левицкияс баян кьуна цIияв хIукуматалъ регионазулгун пайда кьолеб хIалтIи гIуцIизе, Дагъистаналъе кумек гьабизе хIисабалде босун бугилан. Бакълъулазул районалъул бетIер, олимпиялъул чемпион ХIажимурад МухIамадовас комментариялда баян гьабуна, РФялъул хIукуматалъул бетIерлъун тарав Михаил Мишустин хIалбихьи бугев чи вугилан ва гьарана гьесие хIалтIулъ бергьенлъаби.

**«Гумбет» РИО**

ЦIАТАРИ

# Бакълъулазул мухъги тIабигIияб газги

### Гьоркьоб лъуна МелъелтIе газ биччаялъе хIадурлъиялъул суал

**Бакълъулазул районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас администрациялда данделъи тIобитIана МелъелтIа росулъ газ биччаялде хIадурлъиялъул хIакъалъулъ суалги гьоркьоб лъун.**

Данделъиялда гIахьаллъана «Газпром. Газораспределение. Дагестан» ОООялъул СМУялъул мастер МухIамад ГIабдулкъадиров, «Сельсовет “Мехельтинский”» росдал поселениялъул администрациялъул бетIер МухIамад ГIабдунасиров, районалъул культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIманов ва цогидалги.

МухIамад Хъарагишиевас абуна МелъелтIе газ биччаялъул тадбир гIуцIа-къан тIобитIизе кколин, гьес гьаруна данделъиялъул хIасилал ва дандрекъон кколел тIадкъаял кьуна учреждениязул, гIуцIабазул нухмалъулезеги специалистазеги.

**Хадижат Мазгарова**

ТАРИХАЛЪУЛ ТIАНЧАЛ

# Рагъги, рекъелги, пуруцги, космосги...

### Бакълъулазул ракьалда кIодо гьабуна Дагъистан АССР гIуцIаралдаса 99 сон тIубай

**Инхоса ГIали-хIажиясул цIаралда бугеб централияб библиотекаялда тIобитIана Дагъистан АССР гIуцIаралдаса 99 сон тIубаялъул хIурматалда гургинаб стол.**

Лъималазулгун гIолилазул библиотекаялда данделъана Бакълъулазул районалъул бетIерасул заместитель Малик Маликов, культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIманов, гьесул заместитель МухIамад ГIумардибиров, маданиял хIалтIухъаби.

Баркиялъулал кIалъаял гьаруна Малик Маликовас ва ХIайбула ГIабдурахIмановас, гьарана гургинаб столалда гIахьаллъаразеги кинало районоязеги сахлъи, рохел, халатаб гIумру, икъбал-талихI. Бихьизабуна «Дагъистан. Цебесеб заманалдаса гьанжелъизегIан» абураб документалияб фильм.

**«Гумбет» РИО**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# 1380 бакълъулав

### КIудияб Бергьенлъиялъ – 75 сон

**2020 соналъул 9 маялда 75 сон тIубала КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса. Гьелде гьабулеб хIадурлъиялъулъ, байрам кIодо гьабиялъулъ хасаб бакI ккола советиял аскаразда цадахъ, гIагараб ВатIан гитлерил хъамалчагIаздаса цIунизелъун, бахIарчиго рагьарал Бакълъулазул районалдаса бахIарчиял ва бихьинчиял рагъухъаби ракIалде щвезариялъ.**

ВатIан цIунизе Гумбеталдаса арав 1380 рагъухъанасдасан, тIад вуссинчIо 860 чи. Гьезул гIемерисел рукъараб бакIцин лъаларел, араб бакI лъачIого тIагIарал руго.

Бакълъулазул районалъул газеталда сонал халаса хъвана рагъдаги, гьениса тIадруссун хадур халкъияб магIишаталъул батIи-батIиял бутIабаздаги цебехъанлъи бихьизабурал, ВатIаналъул шапакъатазе мустахIикълъарал рагъул ва захIматалъул ветераназ МелъелтIаса МухIамад Мусаевасул, ХIабиб Бекмирзаевасул, Абакар ХIасановасул, МухIамад АхIмадибировасул, ХIабиб Басировасул, Сахратула МухIамадовасул, Дарбищ ХIажимурадовасул, Ахкубег Камалудиновасул, вацал Садрудин ва Салман СагIидовазул, ГIамиргIали МухIамадовасул, МухIамадгIали ГIабдурахIмановасул, ХIажи Саласкаровасул, Исламби Зулпукъаровасул, ЛъаратIаса Залимхан Мирзаевасул, СагIидбег ГIалиевасул, Темирхан Нуцалхановасул, ТIад Инхоса МухIамадсагIид ГIамирудиновасул, Юсуп Темирхановасул, Ингишоса Хъарамирза Жаватхановасул, МухIамад Сайгидовасул, УзунхIажи ГIалиевасул, Аргъваниса Шигьабудин Сайгидиновасул, ЧIиркъатIаса ГIабдукарим ГIусмановасул, МухIамад Сабуевасул, Гьарадирихъа КъурамухIамад Къадиевасул, ХIусенхIажи ГIабдулхIалимовасул, Щабдухъа ГIабдулхIамид ШайихмухIамадовасул, Игьалиса МухIамад Чупалаевасул, ГIабдула Абулмуслимовасул, МухIамад ГIалимчилаевасул, Данухъа Чончалав Дибировасул ва гIемерал цогидазулги хIакъалъулъ. МунагьалI чураги, ахират лъикIаб кьун батаги гьезиеги, кьалул байдабазда хутIаразеги, рагъудаса тIад руссун хадур хваразеги.

ХIисаб гьабураб мехалда наслабазе ракIалде щвеялъе цIаралго рехсечIого хутIарал рагъул гIахьалчагIи нилъер районалъул гIемер руго. «Гумбет» газеталъул редакциялъ хIисабалде босун буго, ругезул суратал лъун гьечIезул материал кьун, киналго бажаричIониги, гьаб соналъ гьедин загьирлъичIого хутIарал рагъул гIахьалчагIи газеталдасан гIолеб гIелалда лъазаризе. Гьелъие нижее кумек гьабуни бокьилаан культура – лъайкьеялъул учреждениязул хIалтIухъабаз, рагъда гIахьаллъаразул наслуялъул чагIаз, мугIалимаз ва цогидазги.

КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 70 сон тIубай кIодо гьабулеб 2015 соналъ рагъул гIахьалчагIазул хIакъалъулъ нижехъе материалал гIемер рачIана МелъелтIа маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул нухмалъулей ГIазра Халидоваль, ЦIилиk филиалалъул библиотекарь ГIазра Абубакароваль,

(Ахир - 3 - аб. гьум.)

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# 1380 бакълъулав

(Байбихьи - 2 - аб. гьум.)

ЧIиркъатIа маданияб-гун хIухьбахъиялъул централъул нухмалъулей Тажли МухIамадовалъ, библиотекарал ЧIикьа ПирмухIамад Каримулаевас, ЛъаратIаса Барият ГIалиевалъ ва цогидазги.

КIудияб Бергьенлъиялъ 75 сон тIубалеб исанасеб лъагIелалъ, рачIа цоги гIахьалчагIазул цIарал ракIалде щвезарилин. Газеталда сурат бахъаниги материал къуниги, гьав нижер тухумалъул чи вугин, гьав кIочене бегьуларин ракIалде ккезе буго щивасда ва хадусеб гIелалъе газетаниги нахъе цIунила. Хъвалеб материал гIемер хъвай гуро мурад, хъвай кьокьго, мухIканго баян рагьулаб нухалъул, щварал шапакъатал ратани, гьелги рехсе, сураталги ритIе, церегосел суратал ратани, гьел ритIани лъикIаб букIина, гьел нужехъего тIадруссинарула.

КIудияб Бергьенлъиялъ 75 сон тIубаялъул байрамалда гьел ва цогидалги масъалаби гIумруялде рахьинарулаго дандчIвай гьабизин.

**Къурмагьиз ХIадисова**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО.
КIУДИЯБ БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪ - 75 СОН

## Гьал рагъана ВатIаналъе гIоло

**МухIамадхан Билалов**

**Гьавуна МелъелтIа росулъ. 1941 соналъ жиндиего бокьун рагъде ана, вагъана Белоруссиялъул кIиабилеб фронталда, ГIахьаллъана Польшаялъул, Чехословакиялъул, Германиялъул шагьарал фашистаздаса эркен гьариялъул рагъазда.**

Рагъулал тIадкъаял тIуралаго бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ щвана «Багьадурлъиялъе гIоло», «Рагъулаб тIокIлъиялъе гIоло», «Варшава эркен гьабиялъе гIоло», «Кенигсберг эркен гьабиялъе гIоло», «Германиялда тIад бергьенлъи босиялъе гIоло», «Микалияв разведчик», гьединго юбилеялъулал медалал.

Рагъдаса тIад вуссиндал батIи-батIиял хъулухъазда хIалтIана, хасго цIикIкIун соназ районалъул судалъул исполнителълъун.



**Муса Расулов,**
**МахIачхъала шагьар**

# Багьавудин ГIалиев

**Гьавуна Бакълъулазул районалъул ЦIиликь росулъ. КIудияб ВатIанияб рагъде инелде цеве ЧIАССРалъул тахшагьар Грозныялда оперативияб отрядалъул нухмалъулевлъун хIалтIулев вукIана. 1942 соналъ ана рагъде.**

Рагъда бихьизабураб бахIарчиялъе гIоло Багьавудине щвана БагIараб цIва, ВатIанияб рагъул тIоцебесеб даражаялъул орденал, рагъулаб хъулухъалъе, бахIарчилъиялъе, 1941-1945 соназ Германиялда тIад бергьенлъи босиялъе гIоло ва цогидалги медалал.

Рагъдаса тIад вуссун хадув батIи-батIиял хъулухъазда хIалтIана.



Хасавюрт шагьаралда батIи-батIиял хъулухъазда хIалтIана.

# СимихIажи ГIалиев

**ЦIиликьа Багьавудин ГIалиевасул вац вукIана СимихIажи. Армиялда хъулухъ гьабизе ахIана 1941 соналъ рагъ байбихьараб мехалъ.**

Рагъулаб хъулухъалда байбихьана Азербайжаналдасан, Ираналъул гIорхьодасан. Советиял рагъухьабазе как базе гьукъун букIун буго. Динияб хьизаналда гIурав СимихIажида Ираналъул росулъ как ахIулеб рагIун, СССРалъул гIорхьи бахун мажгиталде как базеян ун вуго. Ираналъул пограничниказ нилъергоязухъе щвезавун вуго. ВатIаналъе хилиплъарав чи вугиланги абун гьев чIван вуго. ЦIиликь росулъ хутIараб гьесул хьизаналъул членалги Сибиралде ритIун руго, минаги къайиги бахъун буго хIукуматалъ.

**ГIазра Абубакарова,**
**ЦIиликь росдал библиотекаялъул нухмалъулей**

# ЛъагIалил хIасилал

### Араб соналъ Бакълъулазул районалда ккарал кIвар бугел лъугьа-бахъинал

(Авал тIоцебесеб номералда)

ТIоцебесеб классалъул цIалдохъан МелъелтIаса Фатима ГIумарахъаевалъ тIоцебесеб бакI ккуна менталияб арифметикаялъул «WAMAS – 2019» тIолгодунялалъул олимпиадаялда. 16 пачалихъалдаса 600 лъимералъ, гьездасан 17 Дагъистаналдаса лъимеральги гIахьаллъи гьабуна Турциялъул Анталия шагьаралда тIобитIараб гьеб олимпиадаялда.

Церекькунги призовал бакIал ккун рукIана Фатима ГIумарахъаевалъ ТIолгороссиялъул олимпиадабазда-ги.

* * *

Хунзахъ тIобитIараб хIисаб гIелмуялъул зоналияб олимпиадаялда тIоцебесеб бакI ккуна МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул 9 классалъул цIалдохъан МухIамад ХIажиевас.

* * *

Авар мацIалда МухIамад аварагасул (с. т. гI. в.) хIадисал рициналъул конкурс лъималазда гьоркьоб гIуцIун букIана «Гумбеталъул гIолилал» ДРО-Оялъ. Конкурсалда тIоцебесеб бакIалъе ЦIияб Аргъваниса ГIайшат ХIажиева, кIиабилеб бакIалъе ЛъаратIаса Марьям ГIимранова, лъабабилеб бакIалъе Гьоркь Инхоса Хадижат ГIабдулкаримова мустахIикълъана. Балагьаразе рекIее гIеялъул приз ЧIиркъатIаса Фатимат МухIамадовалъе къуна.

* * *

«Мехельтинский» СПК-ялъ гIахьаллъи гьабуна тайпадулал гIи-цIаназул ТIолгороссиялъул XX – абилеб выставкаялда. Астрахань областалда тIобитIараб выставкаялде СПКялъул нухмалъулев КъурбанхIажи ГIабасовас рачун рукIана хьахIаб хьачIаб квасул гIандадерил тайпаялъул гIи. Выставкаялда СПКялъе щвана меседил медаль.

* * *

Районалъул поликлиникаялда лъуна 6 млн гьурущ багьаяб цIияб тарихазулаб флюорограф-аппарат.

* * *

Регионалияб XVII – абилеб видеофильмабазул конкурсалда ТIад Инхо росулъа актер, музыкант, кочIохъан, халкъияв артист Муса ГIабасовасул хIакъалъулъ фильмалъе дипломщвана Россиялъул халкъазул гIадатияб маданиятальул Гумбеталъул централъул нухмалъулев Набигула АхIмадибировасе.

* * *

Хунзахъ районалда тIоритIарал зоналиял къецазда торгIо хIаялъе лъабабилеб бакI ккуна ЧIиркъатIа ДЮСШялъул тренерал Чакар Шихшалаевалъ ва ПатIимат Хъаралаевалъ кучарал ясазул командаялъ.

* * *

ГIахьуша районалда бакълъулазул лъабго гугарухъанас эркенаб гугариялъе призовиял бакIал ккуна. Дагъистаналда тIоцебесеб бакIалъе гIоло къецазда чемпионлъун вахъана ХIусен МахIмудов, лъабабилеб бакIалъе мустахIикълъана ЧIиркъатIа ДЮСШялъул гугарухъан АхIмад МухIамадов, МелъелтIа ДЮСШялъул гугарухъан СагIидбег МухIамадов ва гьел лъабалго финалалде рорчIана.

* * *

Санкт-Петербургалда тIобитIараб квержубараб рагъул АСА 93 турниралда Аргентинаялдаса Николас Вареладаса бергьана Аргъваниса Къурбан ХIажиев (57 кг. цIайи).

* * *

Килалъа 8 сон барав Мурад Къурбанов 30 кг цIайиялда Россиялъул чемпионлъун вахьана бразилиялъулаб джиу-джитсуялъе.

* * *

Курск шагьаралда тIобитIараб жубараб речIчIухъанлъиялъул турниралда тIоцебесеб бакI ккуна МелъелтIаса Расул Саласкаровас.

* * *

Хасавюрталда «Рагъулал цIумал» абураб жубараб речIчIухъанлъиялъул клубалда, спортальул гьеб тайпаялъе 92 килограммалде щвезегIан цIайиялда тIоцебесеб бакI ккуна МелъелтIаса Мурадбег МухIамадовас.

* * *

Москваялда ветераназда гьоркьоб тIобитIараб тIадагьаб атлетикаялъул рахьалъ чемпионаталда ЧIикьа 77 сон барав Гьайирбег ГIалиасхIабов Россиялъул чемпионлъун вахъана ядро рехиялъе. Октябрь моцIалъ Дагъистаналъул бетIерасул кубокалъе гIоло турниралдаги чемпионлъун вахъана гьев тIадагьаб атлетикаялъе.

* * *

МахIачхъалаялда тIобитIана Кавказалъул халкъалъул маданияб ва спортивияб «Кавказалъул хIаял» фестивалалъул республикаялъулаб этап. Кваридасан хариялъе МелъелтIаса МухIамад Астимировас лъабабилеб бакI ккуна.

* * *

МелъелтIа росулъа речIчIухъан Юсуп СагIадулаев чемпионлъун вахьана Бангкок шагьаралда ONE CHAMPIONSHIP турниралда. Гьесда данде вукIана Кореялдаса хIалбихьи бугев речIчIухъан Дэ Хвам Ким.

* * *

Имам Шамил ракIалде щвеялъул мини-футболалъул турнир тIобитIана Гьоркь Инхо росулъ, гIарцулаб кумек гьабуна гьеб росулъа сахаватчагIаз. Турнир тIобитIиялъулъ хIаракатчилъи бихьизабуна Гумбеталъул гIолилазул централъги гьоркь Инхдерил гIолилазги.

* * *

Къей лъаларев речIчIухъан, рагъулаб самбоялъул рахьалъ спорталъул мастер, бразилиялъулаб джиу-джитсуялъул рахьалъ дунялалъул кубок щварав Гьоркь Инхоса АхIмаднаби МухIамадовасе Пекиналда тIобитIараб WLF турниралда чемпионасул рачел щвана.

* * *

Ленинкент поселокалда тIобитIараб спортивияб ва рагъулаб самбоялъул рахьалъ Россиялъул МВДялъул ДРялъул чемпионатална Гумбеталъул отделалдаса гIахьаллъарал полициялъул сержант Шамил МухIамадбакъировас кIиабилеб ва гьитIинав сержант Анварбег Мурадовас лъабабилеб бакI ккуна 300ялдаса цIикIкIун спортсменасда гьоркьоб.

* * *

ЦIияб ЦIиликьа ХIажимурад ХIакимов бергьана Ultimax Fight Night турниралда. Квержубараб речIчIухъанлъиялъул спортсмен ХIакимовас къезавуна Азербайжаналдаса Эмран Магарамов.

* * *

Аргъваниса МухIамад Ибрагьимов чемпионлъун вахъана Дагъистаналда тIоцебесеб бакIалъе гIоло торгIо хIаялъул къецазда. Гьев хIалев вукIана Хасавюрталъул командаялда гьорлъ.

**ХIадурана Къурмагьиз ХIадисовалъ**

ЛЪУГЬА-БАХЪИНАЛ

## Республикаялда – призалъул бакI

### Бакълъулазул цIа ккеялдаса цIуниялъул № 45 идараялъ къецазда кIиабилеб бакI ккуна

**Бакълъулазул районалъул цIа ккеялдаса цIуниялъул № 45 идараялъ кIиабилеб бакI ккуна «Бищун лъикIаб пожарнияб часть» конкурсалда.**

Гьеб идараялъул нухмалъулесул заместитель МухIамадкамил Нажуевасе, хIалтIулъ росарал бергьенлъабазе ва гIемерсоназулаб пайдаяб хIалтIуе гIоло щвана ДРялъул ХIукуматалъул хIурматалъул грамота. «Бищун лъикIав цIа свинабулев» конкурсалда лъабабилеб бакIалъе мустахIикълъана МухIамад Батиров.

Шапакъатал къуна Россиялъул МЧСалъул Дагъистан республикаялда бугеб БетIераб управлениялъул нухмалъулев, генерал-майор Нариман КазимахIамаевас. ЦIа свинабиялъул № 45 идараялъул нухмалъулев МухтарахIмад АхIмадовас баркала загьир гьабуна ведомстволъул нухмалъиялъе хIаракатчилъи бихьизабуразе къураб къиматалъухъ. Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас цIа свинабиялъул № 45 идараялъул нухмалъулеса ва тIолалго хIалтIухьабазда баркана республикаялъул конкурсалда призовиял бакIал кквей ва гьарана хадуркккунги бергьенлъаби.

**«Гумбет» РИО**

БАРКАЛАЯЛЪУЛ КАГЪАТ

## Кумекалъул квер

**Бокьилаан газета гьоркьоб ккун гьаб дир баркалаялъул кагъат газеталдасан къватІибе къуни.**

цІул хІадурула, азбар-къоно бацІцІад гьабула, лъим цІола. Гьединаб ишалъе кидаго кумекалъе ратула пионервожатая



ГІадатлъун лъугьун буго Игьали гьоркьохъеб школалъул дирекциялъ херал, унтащокъал гІадамазе кумек гьабулеб. Гьедин нижехъе рачІуна школалъул цІалдохъаби, кумек гьабула хасалихълъиялъул хІалтІаби гьаризе, Аминат Ибрагьимова, учительница ГІайшат СагІидова.

РакІ-ракІалъул баркала буго гьезие ва школалъул дирекциялъе нижее гьабураб кумекалъухъ.

**ГІумарасхІаб Хасаймирзаев,**
**Игьали росу**

ПОЧТОВЫЙ КАГЪТИДЕ КЕРЕНГИ ЧУЧУН…

## ЧІиркъатІа музеялдасан рисалат

**ЧІиркъатІа музеялъул хІаракаталдалъун цІалдохъабазда гьоркьоб лъазабун букІана назму-кечІ ургъиялъул конкурс. Конкурсалде бачІана цІалдохъабаз жидецаго ургъараб 17 кечІ. Поэзиялде тІамулеб тІоцебесеб гали букІиндал, киналго кучІдул рекъа-решарал, магІна гъваридал рукІинчІониги, цІалдохъабаз лъикІаб гІахьаллъи гьабуна ва хІаракат бахьана.**

Тадбир гІуцІа-къан иналъе ва лъималазе кумек гьабиялъе хІаракат бахьана музеялъул хІалтІухъан ХІабизат Пашаевалъ. Конкурсалда тІоцебесеб бакІалъе мустахІикълъана 8 классалъул цІалдохъан Сайпудин МухІамадовасул асар. Гьеб кечІ битІулеб буго казият цІалулез къимат кьезелъун ва цойгидал росабалъги гьединал тадбирал гьаризе кантІи мурадалда.

**Ибрагьим Ибрагьимов,**
**музеялъул директор**

## Дунялалде

Дунялинги абун, диринги абун,
ГІумру тІамунагІан тІатуна хІилла.
ЛъанагІан батула гьерсид буцараб,
Щибго пайда гьечІеб пана-дуниял.
Дидаги бичІчІана, батІалъи гьечІо,
Мискин-пакъирасул гІайиб цІикІкІараб.
Яшав бечедазул гІайибал рахчун,
Рохха-хинлъун руго гьаб халкъул гІалам.

Ахират щолареб бечелъиго щиб,
Мискинлъи батула цІакъ рахІатаб жо.
БугогІан бечелъи гІолебго гьечІеб,
Бицун пайда гьечІо гьаб дунялалъул.

**Сайпудин МухІамадов,**
**ЧІиркъатІа школалъул**
**8 классалъул цІалдохъан**

ЧІАЛДА МОХМОХ БИЦЦАЛЪАГИ

## ЦІиликьа «Чед» магІишаталъул гІиялъажал Белоруссиялъ росулел руго

### Нилъер гІи къватІисел пачалихъазеги бокьана

**2019 соналъул октябралда «Меседилаб хасалихълъи» абураб цІаралда гьоркь Россиялъул агропромышленнияб выставка тІобитІун хадуб, Белоруссиялъул гьира цІикІкІана Дагъистаналъул элитнияб гІияде.**



КъватІисел улкабаздаса партнераз хІисабалде босун буго «ГІаркъхъадерил меринос» тайпаялъул 4 азарго гІиялъажо бичун босизе. ГІи къезе буго ЦІиликьа ГІиса Чумаевас нухмалъулеб рекьарухъабазулгун фермеразул «Чед» магІишаталъги. Выставкаялда 2019 соналъ гьарурал къотІикъаязда рекъон, «Чед» КФХялъ улкаялдаса къватІибе бичана 109 гІиялъажо. Гьеб гІияца гьава-бакъалъул бокьарал шартІал хІехьола ва тІадегІанаб качествоялъул квас кьола.

**«Гумбет» РИО**

ДОКУМЕНТЫ

# Республика Дагестан
# Администрация муниципального района
# «Гумбетовский район»

**15. 01. 2020 г.** **№ 4**

## Распоряжение

### Об организации и проведении конкурса на замещение вакантной должности руководителя МКОУ «Аргванинская средняя общеобразовательная школа»

**В соответствии с Законом Российской Федерации «Об образовании в РФ» и статьей 275 Трудового кодекса РФ, постановлением администрации МР «Гумбетовский район» от 23.07.2015 г., №73 «Об организации работы по исполнению поручения Президента РФ от 2 мая 2012 года № Пр-1140 по вопросам образования»:**

1.Отделу образования Ф/К и спорта (Магомедову Р. А.) организовать и провести конкурс на замещение вакантной должности руководителя муниципального казенного общеобразовательного учреждения «Аргванинской СОШ» (далее - Конкурс)

2.Установить следующие этапы и сроки проведения конкурса:

3. Прием документов - с 20.01.2020 года по 18.02.2020 года

4. Проведение конкурса - 02.03.2020 года

5. Утвердить состав конкурсной комиссии (Приложение №1)

Разместить информационное сообщение о проведении конкурса на официальном сайте в сети Интернет (Изудинов Г.М.)

Контроль за исполнением данного распоряжения возложить на заместителя главы МР «Гумбетовский район» Карагишиева М. Д.

**Глава МР**
**«Гумбетовский район»**
**Х. С.Магомедов**

**Приложение №1 к распоряжению администрации МР «Гумбетовский район» от 15.01. 2020 г. № 4**

# Состав
# конкурсной комиссии по проведению конкурса на замещение вакантной должности руководителя муниципального казенного общеобразовательного учреждения «Аргванинской СОШ» Гумбетовского района РД

Карагишиев М.Д. - заместитель главы МР «Гумбетовский район» -председатель комиссии

Магомедов Р.М. - начальник отдела образования, ф/к и спорта АМР «Гумбетовский район» - заместитель председателя комиссии

Магомедова З. И. - консультант Управления общего образования МОН РД ( по согласованию)- член комиссии

Насрулаева Ш. А. - заместитель председателя общественной палаты РД- член комиссии

Сурхаев С. А. - ведущий специалист отдела образования, ф/к и спорта АМР «Гумбетовский район» - секретарь комиссии

Абдулаева З. М. - ведущий специалист ОО ф/к и спорту АМР «Гумбетовский район» - член комиссии

Гусейнов З. А. - председатель районной профсоюзной организации работников образования - член комиссии

0маргаджиев А. Ю. - председатель Совета старейшин Гумбетовского района - член комиссии

Темирсултанов Ю. А. - председатель общественной палаты АМР «Гумбетовский район» - член комиссии

Ибрагимов А. А. - глава АСП «Сельсовет “Аргванинский”»

Курбанов М. Г-М - председатель родительского комитета МКОУ «Аргванинской СОШ» - член комиссии

БетІерав редактор
ХІамзат МухІамадович ГІизудинов
телефон: 26-254
Газета гІуцІаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтІа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХІадисова
Корреспондентал:
ГІайшат Исламбиева,
Хадижат Мазгарова,
Макка МухІамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухІамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес:
МахІачхъала, Петр
ТІоцевесесул къватІ, 61

Газета къватІибе бачІунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цІаразда гьоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1001
Газета къватІибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хІакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хІужабазул, цІаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.